

### **Integrasyon avèk Lòt Pwogram**

Lekòl Elemantè Beaver Run (BRS) etabli panèship avèk kominote a:

- Kampis Wicomico Early Learning Center Robert St.
- Patenarya Wicomico County Judy Center
- Liv Mobile Libreri Distri Wicomico
- Developman Pwofesyonèl Sit Lekòl Inivèsite Salisbury.
- Patenarya Oganizasyon Reliye: Sonlife, Providence Prèsbyterian ak 3CUSA
- Horizons
- Junior Achievement
- Adkins Farm Market/Delmarva Shorebirds
- Tales for Dogs
- Maryland Food Bank
- Delmarva Pets onWheels



**Lekti Fanmi ak Matematik lanwit Yon "Otterly" Evènman Etonan**

### **Nap Bay Asistans ak Fòmasyon**


Nap bay paran ak elèv yo infòmasyon kouran konsènan Pwogram Title I nan ak ekzijans Angajman Fanmi yo anba Every Student Succeeds Act (ESSA) Lwa Chak ELEV Revisit. Paran ak fanmi yo pral resevwa infòmasyon konsènan korikilòm ke yap anseye, nivo kopetans nou espere elèv acheve, ak done evalyasyon lekòl ak evalyasyon indiviyèl ansanm ak rezilta yo avèk yon ek-splikasyon. Nap kapab pataje infòmasyon sa yo nan Sware Retou Lekòl, Oryantasyon Title I ak Reyinyon Konsiltatif Paran oubyen Atelye yo. Paran yo ap kapab soumèt sousi, komantè ak kontribisyon pa ekri. Ou byen anrejistre yon evalyasyon oubyen pa pale avèk administratè lekòl la.

**Aktivite Angajman Fanmi yo ak Zouti yo:**  
Lekòl Elemantè Beaver Run ap ofri aktivite ak sevis sa yo:

- Sant Infòmasyon Angajman Fanmi
- Sware Fanmi yo/Rotasyon Nivo Klas yo
- Atelye baze sou Interè Sondaj yo
- 2 Reyinyon Konsèy Konsiltatif Paran
- Travayè Sosyal yo la
- Jounen/Pwomnad pou Asistans Kominotè yo
- Entèprèt yo disponib sou demand davans
- Transpòtasyon disponib sou demand davans

### **Asire Aksesibilite**

Plan Amelyorasyon Lekòl Elemantè Beaver Run nan disponib pou paran yo revize. Plan sa li enkòpore kat eleman de Pwogram Title 1 pou tout Lekòl la ak patisipasyon instriksyonèl ak pwogram objektif lekòl la. Plan sa disponib pou revizyon nan [www.wcboe.org](http://www.wcboe.org). Paran yo byenveni pou yo soumèt keksyon, komantè, ak kontribisyon nan plan a Direktè a oubyen Prezidan Ekip Lidèship la. Bwochi Angajman Fanmi a disponib an Anglè, an Espayòl, e an Kreyòl Aysyen. Nap baou entèprèt ak transpòtasyon sou demand davans. Nap tradwi envitasyon yo ak fèy piblisite yo.



**Kont de fe sou Chen yo**

Revize June 2021

## **Plan Angajman Paran Title 1 nan Lekòl Elemantè Beaver Run**

2021 -2022

**Mr. Curtis Twilley  
Direktè**

**Mrs. Parris T. Abt  
Asistan Direktè**

**Ms. Cindy Becker  
Asistan Direktè**

**Beaver Run Lekol Elemante  
31481 Old Ocean City Road  
Salisbury, MD 21804  
410-677-5101**

**Wicomico Sant Aprantisaj Bone  
1101 Robert St.  
Salisbury, MD 21804  
410-677-5900**



Depatman Edikasyon nan Distri Wicomico County a rekonèt ke paran yo se premye pwofesè pou elèv yo, yo fonktyone kòm edikatè pandan tout lavi pitit yo. Genyen plis ke trant ane de reshèsh ki montre ke siksè akademik elèv yo ak estim de swa yo vrèman relate ak angajman fanmi an nan edikasyon pitit yo depi prekindergarten jis nan klas segondè. Lekòl Elemantè Beaver Run kwè ke edikasyon timoun se yon responsablite pataje. Angajman lekòl la, angajman paran an ak kominote a ap kreye yon sistèm ekadikasyon ki pi fò e yap amelyore kalite de vi elèv yo, fanmi yo, ak tout kominote Distri Wicomico a. Sistèm lekòl la ansanm avèk chak lekòl pran yon angajman pou etabli pwogram ak pwatik kap kreye yon klima de konfians mityèl ak respè e kap sipòte angajman fanmi.

### Reyinyon Konsèy Konsiltatif Paran (PAC)

Reyinyon Konsèy Konsiltatif Paran Title 1 nan Lekòl Elemantè Beaver Run (PAC) rankontre de fwa nan ane a nan lekòl la. Nou invite paran ak fanmi pou yo patisipe nan reyinyon sa. Men topik ke nou diskite e revize nan reyinyon PAC yo: Pwogram Title I nan, Plan angajman Paran Title I, Bidjè Plan Angajman Fanmi, Done Elèv yo, Korikilòm Eta Maryland nan, Kolèj nan Maryland ak Estanda Pweparasyon Karyè yo; Evalyasyon Leta e Lokal; Aktivite Konpak lekòl yo ak Angajman paran yo. Nap invite paran yo pou yo bay opinyon yo nan Plan Angajman Paran an, Bidjè ak Patnè nan Konpak Aprantisaj. Nap mande yo tou pou yo bay opinyon yo nan devlopman pwofesyonèl pwofesè yo ki gen rapò ak konpreyansyon kominote a de lekòl la ak Angajman paran.



### Koòdinasyon ak Sipò

Pwogram koòdinasyon ak asistans teknik pou Lekòl Elemantè Beaver Run nan planifye e enpleman aktivite efikas nan Plan Angajman Fanmi ap anba kontwol Sipevize Title I nan e yap sipòte pa Espesyalis Angajman Paran Title 1 nan. Manb anplwaye Beaver Run yo ap bay ide yo, oganize materyel yo, pataje resous yo, e yap rankontre de fwa nan ane a avèk PAC. Wicomico Early Learning Center (WELC) li inkli nan reyinyon ekip Lidèship Instriksyonèl la yo Sware de Fanmi pou Klas apwopriye yo

### Sware Fanmi yo

Nou organize Sware Fanmi pou chak klas pandan ane a. Objektif de chak sware sa yo se pou ranfòse konpetans nou anseye nan lekti ak matematik. Nap bay fanmi yo opòtinite pou yo eksperimente aktivite sa yo avèk pitit yo. Nou pataje avèk yo tou kèk estrateji pou yo ede pitit yo lakay. Nap sèvi dine. Entèprèt ak transpòtasyon ap disponib sou demand.

### Atelye pou Paran ak Fanmi yo

Nou oganize atelye yo poun ede paran ak fanmi yo konprann entèvansyon akademik yo ak evalyasyon yo. Estrateji ak materyèl yo ke fanmi kapab itilize lakay pou sipòte aprantisaj timoun yo se nou ki bay nan atepye yo. Topik ou enterese ki note nan Sondaj Entere a nou kapab ofri sa tou kòm seleksyon atelye.

### Asistan Kominotè Jounen yo

Elèv dezyèm ane yo ak paran yo bay yon opòtinite pou patisipe nan yon pwomnad Virtual Helpers Community Helpers. Patipan yo gen chans pou yo eksplòre "dèyè sèn" woutin plizyè biznis Konte Wicomico. Gen opòtinite pou wè Estasyon Ponpye, Estasyon Polis, Bibliyotèk, Biwo Majistra ak vizite estasyon nouvèl WMDT.

### Èd Kominotè Le nou Sòti ak



Depatman Lapolis Salisbury ak Majistra Day

### Opòtinite Volontye ak Pwogram Sansibilizasyon Kominotè

Enfòmasyon konsenan sevis volontè nan Beaver Run ap paret nan Sondaj Volonte a. Nap pataje enfòmasyon yo tou Sware Amizan de Fanmi, Reyinyon PTA ak PAC. Opòtinite Volontye pou fanmi yo inkli:

- Jounen pou Klas yo
- Evenman PBIS School Store
- Rotasyon Nivo Klas yo
- Evenman PBS
- Sevi mam Komite PAC/ILT
- Aktivite /Evenman PTA
- Li liv yo / Adkins Reading Incentive

### Enterè ak Sondaj Volontye

Nap mande Paran ak Fanmi yo pou yo konplete yon Sondaj Enterè ki endike sou ki topik yo ta renmen plis enfòmasyon., tan konvenyan pou yo vizite lekòl la, ak konpetans yo ta renmen pataje avèk klas la (ex: yon vizite kap li nan klas la, patisipe nan yon reyinyon WCBOE), Nap voye yon sondaj volontye lakay avèk opòtinite pou yo pataje koman yo ta renmen sipòte lekòl la. Enfòmasyon nan sondaj sa yo ap sipòte efò lekòl la poul travay avèk fanmi yo kòm patnè legal.



Lekti Fanmi ak Matematik lannwit